



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE 23ÈM PWOPOZISYON DISKOU ETA LETA 2017  
LAN: RESPONSABILIZE ELEKTÈ YO POU REDWI ENPO LOKATIF YO AK  
DEPANS ONIVO GOUVÈNMAN LOKAL YO**

***Bay Kontribiyab yo yon Chwa ak yon Vwa -- Responsabilize Elektè onivo Konte  
yo avèk Opòtinite pou Apwouve Plan ki Konsepsyone onivo Lokal pou Bese  
Depans onivo Gouvènman Lokal yo***

***Yo pral Egzije Fonksyonè Konte yo pou yo Prepare Plan pou Sèvis Piblik Pataje,  
Kowòdone ak Efikas pou yo Vote pou yo***

***Plan yo Elimine Sèvis Doub, Inefikas Gouvènman yo an favè Ekonomi Fiskal  
Reyèl, Peryodik yo***

***Se Eleman Pensipal Lwa sou Mezi Retablisman Klas Mwayèn (Middle Class  
Recovery Act) Gouvènè Cuomo a***

***Li Ajoute sou Mezi Gouvènè a te Pran Deja yo pou l Redwi Fado Enpo Lokatif  
Lokal yo, ki gen ladan yo Limit sou Enpo Lokatif la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon inisyativ pou redwi enpo lokatif lè nou bay elektè yo mwayen pou yo apwouve plan ki konsepsyone onivo lokal ki elimine sèvis doub yo pou bese depans onivo gouvènman lokal yo. Gouvènè Cuomo te fè redwi gwo fado enpo lokatif nan New York yon priyorite primòdyal administasyon li an, avèk limit sou Enpo Lokatif la (Property Tax Cap) ak Enpo Lokatif Fiks (Property Tax Freeze) k ap fè kontribiyab yo ekonomize plis pase \$17 milya atravè ane 2016 la.

Pwopozisyon inovatè sa a pral egzije fonksyonè konte yo devlope plan onivo lokal pou yo jwenn kote pou fè ekonomi sou enpo lokatif yo ki reyèl, ak peryodik lè yo kowòdone ak elimine sèvis doub yo epi pwopoze sèvis kowòdone pou amelyore pouvwa dacha, tankou fè acha ak itilizasyon kowòdone mwayen transpò chè oswa ekipman ijans yo ansanm. Apre sa a, kontribiyab yo pral vote pou plan k ap ede fè ekonomi sou depans sa yo nan yon referandòm nan eleksyon jeneral Novanm 2017 la.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Enpo lokatif la se youn nan taks ki pi lou pou mèt kay ak mèt biznis nan tout kwen eta yo, k ap anpeche kapasite pou yo devlope ak kontribiye nan ekonomi nou an. Lè nou bay gouvènman lokal yo defi pou yo kreye plan pou senplifye

papyeras gouvènman epi fè elektè yo apwouve plan a, inisyativ inovatif, pwisan sa a pral responsabilize kominote yo epi anjandre ekonomi sou enpo lokatif reyèl, preyodik. Byenke nou redwi kwasans enpo lokatif yo nan yon fason konsiderab pandan sis ane ki sot pase yo, enpo sa a toujou rete yon gwo depans lou pou mèt pwopriyete yo, epi pwopozisyon sa a pral redwi fado enpo sa a epi etabli New York kòm yon modèl nasyonal pou efikasite gouvènman.”

## **Enpo Lokatif Se yon Fado pou New York**

Enpo lokatif la se pi gwo fado enpo sou kontribiyab New York yo, kote yon kontribiyab òdinè ap peye 2.5 fwa plis nan enpo lokatif pase enpo sou revni yo. Westchester, Nassau ak Rockland klase pami senk konte ki gen depans enpo lokatif ki pi wo nan peyi a, epi nan kad enpo lokatif ki peye kòm yon pati nan valè kay la vo yo, gen 13 nan 15 konte ki takse plis yo ki nan New York, prensipalman nan rejyon nò a, avèk Wayne, Monroe ak Cattaraugus pami konte ki gen enpo ki pi elve nan peyi a.

Byenke enpo lokatif yo sou kontwòl gouvènman lokal yo, Gouvènè Cuomo mete yon priyorite pou administrasyon l lan ede redwi fado sa a. Limit sou Enpo Lokatif la se yon poto mitan pou efò sa yo, epi li jwenn plis pase \$100 milyon nan pwogram efikasite Eta yo ki te ede l, li te pèmèt gouvènman lokal yo kontwole depans yo epi ekonomize mèt kay òdinè yo \$2,100 atravè ane 2016 la. Lè nou mete l ansanm ak Enpo Lokatif Fiks la, Limit sou Enpo Lokatif la te lakoz kontribiyab yo ekonomize plis pase \$17 milya atravè ane 2016 la.

Inisyativ sa a ajoute sou pwogram efikasite gouvènman lokal yo Administrasyon Gouvènè Cuomo a te etabli avan yo, ki gen ladan yo Sibavansyon Pou Reyòganizasyon ak Responsabilite Sitwayen yo (Citizens Re-organization and Empowerment Grant) ak Kredi Enpò pou Responsabilize Sitwayen yo (Citizens Empowerment Tax Credit). Ansanm yo gen pou objektif pou responsabilize sitwayen yo, men tou pou bay gouvènman lokal yo zouti yo bezwen pou yo rete konfòm ak limit sou Enpo Lokatif la.

## **Pwopozisyon: Responsabilize Elektè yo pou yo Apwouve Plan pou Bese Depans Onivo Gouvènman Lokal yo**

Ajoute sou siksè Limit sou Enpo Lokatif la, Gouvènè Cuomo pwopoze yon inisyativ temerè pou egzije chak konte andeyò Vil New York yo pou yo prepare yon plan pou sèvis pataje, kowòdone, ak efikas pami inite gouvènman lokal yo ki genyen anndan konte a, eksepte distri lekòl yo.

Fonksyonè Direktè Jeneral konte a yo, tankou Egzekitif Konte yo oswa Direktè Konte yo, pral prepare plan an. Fonksyonè Konte yo pral resevwa opinyon popilasyon an atravè odyans piblik ak angajman avèk kominote a, biznis, chèf sendika ak lidè sivik yo epi rive jwenn yon konsansis sou plan yo.

Plan ki soti apati konsansis lan dwe demontre ekonomi reyèl, peryodik nan depans yo epi pa sèlman voye fado a sou do lòt kontribiyab yo. Plan dwe konsantre sou eliminasyon oswa konsolidasyon sèvis doub yo, epi tout sèvis pataje ak efikasite yo te pwopoze nan plan yo dwe se nouvo mezi.

Yo dwe soumèt bwouyon plan yo bay kò lejislatif konte a avan 1e Out 2017. Apre sa a, kò lejislatif konte a ap gen 45 jou pou yo revize plan an, epi si yo pa fè anyen, y ap mete plan otomatikman sou bilten vòt la. Apre sa a, elektè konte yo pral vote pou plan nan eleksyon jeneral an Novanm 2017 la.

Si yon majorite elektè yo pa apwouve plan an, gouvènman konte yo dwe prepare yon nouvo plan pou yo apwouve an Novanm 2018.

Nouvo pwopozisyon sa a ajoute sou dosye pèfòmans Gouvènè Cuomo a pou redwi fado depans onivo gouvènman lokal yo sou fanmi yo. Inisyativ li gen pou soulaje kwasans depans nan Medicaid k ap peze konte yo pral lakoz kontribiyab yo ekonomize \$3.7 milya sou yon peryòd senk an, epi refòm nan sistèm pansyon Eta a pral ekonomize Eta a, gouvènman lokal yo, ak distri lekòl yo plis pase \$80 milya dola nan 30 ane k ap vini an yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418